

# Ann pale sou eleman debaz asirans sante



**HMO, PPO, EPO, POS** — nou konnen pawòl asirans sante kapab bwouye moun. Nou la pou ede w konprann bagay yo. Epi annou espere, nou reyisi fè ou ekonomize kèk \$\$\$ anmenmtan.

**HMO, PPO, EPO, ak POS** se abrevyasyon pou tip plan asirans sante ki disponib pou moun yo. Plan yo varye selon doktè ou kapab wè yo, si ou bezwen referans pou espesyalis yo, ak konbyen ou pral peye pou vizit yo.

## **PPO yo (Òganizasyon Founisè Prefere)**

Plan sa yo ba w aksè nan swen ki pi laj. Yo kouvri anjeneral doktè ak etablisman nan rezo a e sa ki pa nan rezo a. Avèk yon PPO, ou pa oblije chwazi yon doktè swen jeneral. Epi pa gen referans obligatwa nonplis pou w wè yon espesyalis!

## **HMO yo (Òganizasyon Antretyen Sante yo)**

HMO yo kouvri swen tou nan yon rezo founisè ki travay pou Oscar oswa ki sou kontra avèk nou. Doktè oswa sèvis deyò rezo nou an pa kouvri. Epi w ap bezwen yon referans nan men yon doktè swen jeneral pou w wè yon espesyalis.

## **EPO yo (Òganizasyon Founisè Esklizif)**

EPO yo kouvri swen nan yon rezo founisè ki travay pou Oscar oswa ki sou kontra avèk nou. Si ou pran swen kay doktè ki pa nan rezo a, li pa kouvri anjeneral – sòf nan sèten sitiyasyon (tankou ijans yo oswa si pa gen opsyon nan rezo a disponib). Pi bon pati a sèke okenn referans pa obligatwa pou w wè yon espesyalis.

## Ann konpare HMO yo, EPO yo, ak PPO yo

### **PPO**

Aksè konplè nan rezo a  
Avantaj deyò rezo a  
Okenn referans pa obligatwa  
Prim pi wo

### **HMO**

Aksè limite nan rezo a  
Okenn avantaj deyò rezo a  
Referans pa obligatwa

### **EPO**

Aksè konplè nan rezo a  
Okenn referans pa obligatwa  
Prim rantab  
Okenn avantaj deyò rezo a

**oscar**



Nou la pou ede w pwofite omaksimòm plan w lan – annik ale sou [hioscar.com](https://www.hioscar.com) oswa kontakte koutye ou an pou nenpòt kesyon.